

**SCHOOL DISTRICT OF THE CITY OF YORK**  
**ADMINISTRATION BUILDING**  
31 NORTH PERSHING AVENUE • YORK, PENNSYLVANIA 17401  
TELEPHONE (717) 845-3571 • FAX (717) 849-1394 • E-MAIL [WWW.YCS.K12.PA.US](http://WWW.YCS.K12.PA.US)

**BOARD OF DIRECTORS**

MR. MICHAEL L. BREELAND, President  
MS. LISA KENNEDY, Vice-President  
MR. JAMIEL ALEXANDER  
MS. DIANE GLOVER BROWN  
MS. MICAH LEONARD  
MRS. CASSANDRA LIGGINS  
MS. MARGIE ORR  
MR. LAQUINN THOMPSON  
MS. TYNISHA WILKES

JEFFREY A. GETTLE, Solicitor  
MRS. LORI A. FERRELL, Secretary

**ADMINISTRATION**

DR. ANDREA J. BERRY  
Superintendent of Schools  
DR. LETRECIA M. GLOSTER  
Assistant Superintendent  
DR. GEORGE E. FITCH JR  
Assistant Superintendent  
MRS. MARY MANNING  
Director of Special Education  
MR. SHAWN HAIN  
Business Manager  
MR. ROBERT S. BERNHARD  
Director of Human Resources

28 dawout 2023

Chè paran yo:

Antanke paran yon elèv k ap asiste yon lekòl ki resevwa fon Federal Tit I, ou gen dwa konnen kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè a (yo) ak parapwofesyonèl edikasyon k ap anseye pitit ou a. Lwa federal egzije chak distri lekòl Tit I pou bay enfòmasyon yo mande yo alè. Nou kontan ba w enfòmasyon sa yo. A nenpòt ki lè, ou ka mande :

- Si pwofesè a reponn ak egzijans kalifikasyon ak sètifikasyon eta a pou nivo klas ak matyè y ap anseye a.
- Si pwofesè a te resevwa yon sètifika ijans oswa kondisyonèl kote yo te retire kalifikasyon leta yo.
- Ki degre lisans oswa metriz ou doktora pwofesè a genyen, ki gen ladan sètifika lisans ak diplòm adisyonèl, ak domèn espesyalizasyon li.
- Si pitit ou a ap resevwa èd nan men yon parapwofesyonèl. Si pitit ou a ap resevwa sipò sa a, nou ka ba w enfòmasyon sou kalifikasyon parapwofesyonèl la.

Lalwa “Every Student Succeeds Act (ESSA)” ki te adopte nan dat Desanm 2015 epi ki re-otorize Lwa sou “Elementary and Secondary Education Act of 1956 (ESEA)”, gen ladann lòt revandikasyon dwa pou konnen. Nenpòt ki lè, paran yo ak manm fanmi yo ka mande:

- Enfòmasyon sou règleman konsènan patisipasyon elèv nan evalyasyon ak pwosedi refize, epi
- Enfòmasyon sou evalyasyon obligatwa yo ki gen ladan matyè yo evalye a, objektif tès la, sous egzijans la (si sa aplikab), tan ki nesèsè pou elèv yo fini tès la, ak tan ak fòm tès la.

Estaf nou an pran angajman pou ede pitit ou a devlope konesans akademik ak panse kritik li bezwen pou reyisi nan lekòl la e menm ale pi lwen. Angajman sa a gen ladan asire ke tout pwofesè ak parapwofesyonèl nou yo satisfè egzijans aplikab Eta Pennsylvania yo. N ap tann pwochen ane lekòl la e ansanm n ap fè yon diferans nan lavi pitit ou a. Si w gen nenpòt kesyon konsènan pwofesè pitit ou a (yo) ak/oswa parapwofesyonèl, tanpri kontakte manadjè bilding lan.

Sensèman,



Doktè Lori E. Bowman

Koòdonatè Pwogram Federal yo

717-845-3571 ekstansyon 4031